

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA - TAMA :

1 taon f 6.— }
1/2 " f 3.— } njoewoen ka-
3 woelan f 1,50 } bajar roemijin.
Kénging mbajar saben woelan }

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja f 36.—
1/2 " f 18,65
1/4 " f 9,75
1/8 " f 5,25
Saladjengipoen : saben 1 cm² f 0,03;
sekedik - kedikipoen : f 1,50.
Kabrar premi alit - alitan : f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrésipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Cantius“ Djokja.

ANDEDER RAOS KEBANGSAN DATENG LARÉ-LARÉ. KANGGÉ LARÉ KATOELIK KADOS-POENDI?

Para sadèrèk, manoe getéking ngakatah, sapoenika poenika djaman kabangsan. Djaman sadasa-taon kapengker, grengsengipoen bangsa Indonésijah dateng kabangsanipoen dèrèng kados sapoenika. Tjebi koela atoe ri niling-nilingaken, jajasana² poendi kémawon ing tn. Indonésijah poenika namanipoen mesti dipoenkantèni temboeng: nasional, kabangsan oetawi kabangsaan. Bank Nationaal, Instituut - Nationaal, Nationale onderwjs, koran nasional, partai kabangsaan, politiek kabangsaan, pandoe kabangsaan, etc.-etc.

Mandar toko² manawi tawi oetawi pasang advertentie inggih katah ingkang migoenakaken temboeng nasional. Temboeng nasional pantjen saweg dipoenadjengi, dipoen-gapé ing ngakatah. Makaten para among dagang inggih mangertos.

Bangsa Indonésijah anggènipoen nganggé temboeng: nasional boten namoeng doemoenong memdem djaman kémawon, nanging karti dipoenjakinaken, dipoenkatingalaken. Tegesipoen oepami: Bank Nationaal, ing rikoe pantji bank ingkang mligi kanggé mitoloengi bangsa Indonésijah, damel rahadjenging bangsa Indonésijah. Nationale onderwjs — ing rikoe pantji piwoelang ingkang mawi dadasar ndidik laré² dateng kabangsanipoen. Koran Nasional — pantjen koran ingkang ngemot kabetahan kabangsan lan raos kabangsan — makaten sapitoeoetipoen.

Sapoenika kotjapa bab „Nationale-Onderwjs“. Pamoelangan ingkang ngeblak mawi nama „Nationaal“ poenika ratjak namoeng pamoelangan partikelir, oep: pamoelangan Taman-Siswa, pam. Trijasa lss. Pamoelangan „openbare school“ jajasana Goepremèn, sinaosa special namoeng kanggé bangsa Djawi (Indonésijah) oep. pam. angka II, Normaalschool, H.I.S. enz. inggih boten mawi dipoenoeendangaken pam. „nasional“. Sababipoen poenapa? Inggih sabab pantji ingkang jasa dédé bangsa Indonésijah — nagari. Moeridipoen laré Indonésijah — goeroenipoen Indonésijah, piwoelangipoen dadasar Indonésijah — ingkang jasa pamoelangan dédé bangsa Indonésijah.

Margi bédaning kawontenan — ingkang jasa dédé bangsa Indonésijah (nagari) poenika ingkang moeroegaken moerid Taman-Siswa c.s. raosipoen kabangsan langkoeng kandel sanget tinimbang laré openbare scholen.

Sapoenika kados-poendi srananipoen, soepados laré openbare scholen-c.s. raosipoen kabangsan boten nipsis kados sapoenika? Srananipoen boten wonten sanès kadjawi doemoenong saking pandidik ing goeroe. Koela damel oepami kémawon ing sa-collega koela, goeroe-goeroe ing „Kopschool“ lan 2de klasse school oet. Standaardschool. Kita sadaja sampoen jakin, bilih moerid kita poenika bédjing, dados sapéranganipoen ageng bangsa Indonésijah. Jèn makaten moerid kita inggih kedah kita didik dateng kabangsan Indonésijah. Moerid kita kedah kita serep-serepaken, bilih kita poenika dados bangsa Indonésijah, gesang lan dipoenlairaken wonten ing tn. Indonésijah, lan kedah tresna dateng bangsa lan tn. Indonésijah. Moerid kita kedah kita lebeti raos kabangsan ing sakebak-kebakipoen.

Bokmanawi wonten ingkang kagoengan panggalih makaten: „Jak-wong baji wingi soré baé ndadak ndidik marang pergerakan lan kapolitiekian“. Boten sadèrèk — poenika boten magepokan kalijan pergerakan oetawi prakawis politiek — nanging babagan panggoela-wentah. Andeder widji kabangsan boten teges ndidik laré-laré dateng pergerakan oetawi ndidik laré-laré sengit dateng nagari. Lan kita kedah inggih boten adirihi nindakaken prakawis poenika, awit poenika boten tjengkah kalijan sadaja instructie-nipoen

pamoelangan.
Ing kamar pamoelangan kadjawi rinengga-rengga gambar-gambar leermiddelen, oegi kedah (prajogi) katjantélan gambar sanès-sanèsipoen ingkang sakinten nanarik dateng raos kabangsan. Gambar-gambar waoe oepami: gambar ringgit, potrèt dalem K. Soenan, K. Soeltan, oetawi potrètipoen prijantoen Djawi (Indonésijah) sanèsipoen, oepami: R. Saleh, R. A. Kartini, enz. sok oeger boten dados soedjananing nagari. Potrètipoen tanah² (landschappen) ing Indonésijah oegi prajogi, djer poenika nanarik tresna dateng tanah woetah rah. Samanten oegi sadaja piwoelang inggih kedah koela toedjokaken dateng gesang lan pasrawoengan manoe kawontenan Indonésijah.

Kita ndidik laré-laré poenika, pamrihipoen soepados laré dados isining pradja Indonésijah ingkang saé, dados kawoelaning pradja (volks) ingkang akas-bregas, kentjeng boeboedenipoen, migoenani dateng bangsa lan tanah woetah rah. Kita moelang poenika kedah boten dadasar milih blandja, nanging kedah dadasar tresna ing bangsa — dadasar kerakjatan. Laré-laré, kita didik soepados bédjing ing sepoehipoen dados bangsa ingkang sentosa kakadjanganipoen, kendel lan adil, wani dados pembela bangsa lan tanah air, ngertos dateng kabetahaning djaman.

Ing woelangan ilmoe boemi bokmanawi oegi prajogi, manawi nama-namaning nagari, nganggéja santoenan ingkang sapoenika kalimrah ing pers-persipoen bangsa Indonésijah. Oepami: Indija kagantos Indonésijah, Ngajogjakarta = Mataram, Betawi = Djakarta, Kediri = Daha enz; preloenipoen inggih nanarik raosing laré dateng soedjarah kabangsan. Prakawis pamedal dipoenterangaken dateng laré, bilih pamedal ing Indonésijah poenika njekapi lan moepanganti sanget dateng bangsa Indonésijah. Sampoen dados pranataning kodrat, bilih bangsa Indonésijah inggih kedah neda poenapa pamedal (producten) ingkang toewoeh wonten ing Indonésijah. Sampoen ngantos laré kenèh-kenèh nggadahi kapéngin neda tetedan mantja nagari (tetedanipoen bangsa sanès oep: roti, mertéga, appel, anggoer, enz.-enz.) — djog-djogan saking tanah ngamantja ingkang awis reginipoen, toer pantji dédé tetedanipoen bangsa Indonésijah. Poenika kadjawi nggoegoelang gesang pasadja manoe alam Indonésijah, oegi noenoentoen dateng laré soepados tresna dateng cultuur Indonésijah.

Makaten sapitoeoetipoen. Tjekakipoen sadaja lèrègipoen namoeng soepados laré bédjing dados bangsa Indonésijah ingkang peng-pengan, ngenggiki kabangsanipoen.

Ing woelangan njekar oetawi menjan, prajogi inggih kapetikaken sesekaran (menjanjian) ingkang sakinten nanarik manahipoen laré dateng kabangsan lan tresna dateng tanah kalairan. Koela radi goemoen déné menjanjian Indonésijah-raja boten kénging dipoenwoelangaken wonten ing openbare scholen. Koela boten mangretos panganggepi poen nagari dateng menjanjian poenika. Poenapa dipoenanggep volkslied, poenapa opstandlied — clublied — kilap! Manawi bangsa Walandi oepami: V.C. sakomplot, menjanjian poenika kaanggèp opstandlied. Déné kaoem „De Koerier“ c.s. émoet koela nganggèp: clublied. Nanging inggih sampoen, prakawis poenika boten preloe dipoenrembag pandjang. Jèn pantji boten klian inggih sampoen.

Nanging prakawis sanèsipoen poenika, kita saged ndidik ing sakedjeng kita. Oepami prakawis panganggé, toetoebas dadagangan lss. saged ndidik dateng katresnan kabangsan. Tjekakipoen mangsa bo-

ronga pandjenengan sadaja para djoeroe panggoela-wentah. Pandjenengan mesti langkoeng pinter tinimbang pitoetoe lan tjonto-tjontot ing nginggil poenika.

Sapoenika manawi pamoelangan ingkang mawi dadasar Katoelik kados-poendi? Prakawis agami kita sadaja sampoen sami ngraos, bilih gesang kita wonten ing donja poenika nomer satoenggal kedah kita toedjokaken dateng Goesti Allah. Sanèsipoen G. A. poenika dawah kantoen. Makaten poenika manawi katoemrapaken dateng gesang ing nationalist inggih meksa samentini poen. Awit bangsa toewin tanah woetah rah kita poenika sadjatosipoen namoeng titahipoen G. A. Sapoenika awrat poendi, G. A. poenapa titah Dalem G.A.? Temtoe kémawon awrat G. A. Manawi makaten nationalist Katoelik gesangipoen nomer satoenggal inggih kedah kalèrègaken dateng G.A. Tanah woetah rah dawah nomer kalih.

Temboengipoen sanès: tradjangipoen kedah mawi ngèngeti pranatan ingkang dipoenkarsakaken ing Allah; mitoeoet poenika lan boten kénging tjengkah. Nationalist kados makaten poenika mesti peng-pengan: boten koetoek, nanging oegi boten galak!

Malah makaten poenika pantjenipoen boten namoeng kanggé nationalist Katoelik tok. Awit sok tija ngkang kadoenoengan boedi leres (gezond verstand), dados boten namoeng tija Katoelik tok, kapeksa ngakeni, bilih bangsa, tanah woetah rah dalasan awakipoen pijambak poenika sadaja dados titahipoen ingkang moerbèng alam, inggih Goesti Allah.

Déné pandidik ing laré Katoelik dateng kabangsan, sami kémawon kalijan laré abritan sanèsipoen, namoeng kémawon sadaja ladjeng katoempangan pendidik ing agami — kapitadosan. Laré dipoenerep-se-repna, bilih nomer satoenggal poenika pangabekti dateng G. A. Laré Katoelik bédjing kedah dados isining pradja ingkang peng-pengan. Poeroen njamboet damel kanggé G. A. lan karahadjenganing tanah woetah rah. (Werken voor God en voor vaderland!). Sampoen, samanten roemijin.

poen: Soedyati.

PRADJA RAHAJOE.

CONCURRENT.

Temboeng concurrent kanggé djaman samangké saweg dados potjapan; mèh saben papan; langkoeng-langkoeng wonten ing toko-toko oetawi ing bis-bis nggames sanget dateng temboeng kasbat.

Wonten ing sadengah papan oetawi toko-toko temboeng waoe boten patos damel gègèr oetawi mirising manah; nanging sawang-soelipoen, sareng pinanggih wonten ing bis-bis, wah geter saèstoe, langkoeng-langkoeng kanggéipoen tija èstri, (penoempang). Concurrent anggènipoen ngedakaken regining kartjis satengah ngeplok (bingah) késah-késahan sakedik ragadipoen, nanging sareng concurrent sadajanipoen; bv. bab lampahing bis poenika ingkang ndrawasi. Para sopir-ratjakipoen boten ngèngeti njawaning panoempang; namoeng mboedjeng bab arta ingkang toemandja kanggé njoegihaken sang daokai, leres manawi katah setoripoen nambahi presèn, nanging ta boten sapintena.

„O mas sopir, sampoen kesangeten anggènd pandjenengan pados moekak; ngèngètana bilih manahing panoempang poenika boten sami, sakatah-katahing tija inggih wonten panoempang ingkang seneng manawi lampahing bis ingkang dipoentitibi poenika santer, langkoeng-langkoeng ingkang sadjak kasesa, ning santering barès, boten kanggé lantjangan-lantjangan; poenapa boten naté mi-

Isinipoen: Andeder raos kabangsan dateng laré-laré — Concurrent — Film Djakarta — Pangadilan ing Indonesia — Ebahing djagad panggesangan enz. — Sampoen wiiwt madjeng — Mrangkani koedi — Prakawis ingkang pantes kagagas — Rama pangèn rawoeh noewèni méndanipoen — Goentingan pers — Saking pekempalan — Pangandika dalem K. S. Bapa Leo XIII — Watjana manéka warna — Oerap - sari — Correspondentie.

Sampoen soepé ngintoenaken arta lengganan.

GOENTINGAN PERS.

Poenapa kedah dipoenkoewatosi?

- I. Inggih.
- II. Boten.

Goenting koela Inggris masah joeda: kres, kres, kres! Lo kok djeboel landep temen, ngantos boten kraos, jèn mbedah lembaran koran kalih kerangkep: Aksi kalijan Bahagial Boten dados poenapa!

I. Plek, plek, net. La poenika goentingan saking Aksi: pakabaran ing Mataram.

Moelai kemarin doeloe (3-9-31) Noviciaat (tempat bertapa tjara R. Katholek) telah pindahdari ini kota ke Karangdjiati (Ongaran), beringgal di gedoeng Girisonto.

Jang mendjabat penoentoen di itoe pertapaan t. Pastoor Th. Verhoeven dari Kotabaroe sini. (Mr. Bologumpyl).

Maksod di Noviciaat: — Sarikat Sri Jesoes.

Besoek tanggal 7 ini boelan 3 orang Indonesiers bernama: toean A. Soemarto, t.S. Roesmidjan dan t.L. Djoewari, berdjandi dengan soempah akan masoek keitoe pertjoebaan. (Mr. Bologumpyl)

Mr. Bologumpyl kirang begdjia anggènipoen soeka pakabaran dateng Aksi, margi kirang tjèples. Poenapa poenika margi saking anggènipoen kirang waspada pijambak, poenapa margi ingkang noelaraken pawartos kirang damang, kilap! Namoe ingkang mesti, samanten poenika jèn koela lo, pakabaranipoen Mr. Bologumpyl poenika tjeta boten tendentius, tegesipoen: boten gadah pengangkah.

Dados jèn njata makaten, poenapa pakabaran waoe meksa kedah dipoen koewatosi? Kok meksa inggih. Larakipoen?

Koela boten badé ndoemoek pakabaran pérangan nginggil, awit poenika, senadjana radi kisroeh, boten ambabajani. Béda kalijan pérangan ngandap. Poenika saged andrawasi kanggé golongan Katoelik.

„Berdjandi dengan soempah akan masoek“ poenika rak ngemoe raos tradjang fanatiek, keladoeken. Rak inggih makaten ta? Lan tradjang fanatiek poenika boten saé.

Tijang ingkang sengit dateng tija Katoelik — lan koela soemerep, manawi tija kados makaten poenika mila pantjen wonten; bokmanawi Mr. Bologumpyl pijambak inggih boten kekilapan — jèn maos pakabaran kaseboet, iba anggènipoen badé ngawon-awon dateng golongan Katoelik!

danget margi lantjangan-landjangan kados makaten poenika asring toemboekan; ngatang-atang (of ndjekangkang) wonten kalèn oetawi djoerang???. Manawi kadadosan kados makaten sinten ingkang sisah, poenapa pandjenengan pijambak?? rak boten ta???. Kados ingkang wadajib inggih boten kirang pandjagi; nanging manawi sampoen klangkahan kita, ingkang sakinten sampoen boten wonten ingkang ngamat-amati; mas sopir ladjeng wangsoel, ndèrèk, sakersa pribadi; mila kasinggihan manawi taksih wonten kita angler; lilis, langzaaaaam; tjebi mangké manawi sampoen tebih lèr-kidoel rak mbingahi; sigeg.

Badé gesang pijambak.
Ratjakipoen toekoeling temboeng concurrent poenika margi badé gesang, oetawi meneng pijambak; kados poendi? Tjebi; ingkang katah-katah toko A badé medjahi toko B sarana ngedakaken reregèng, wosipoen manawi ingkang satoenggal boten kijat ladjeng djatoeh; la ladjeng mijambaki; manawi sampoen menang tetep saged djedjer pijambak ladjeng

Temenipoen ingkang keladoeken poenika dédé ingkang kelampahan, nanging pakabaranipoen. „Berdjandi dengan soempah“ sadjatosipoen boten kelampahan; déné ingkang kelampahan ing dinten poenika namoeng „masoek“ mak bleng.

Tijang nglebeti Noviciaat-ipoen Sarékat Sri Jesoes poenika, jèn sampoen kaanggèp gadah dadasar njekapi, ladjeng katampi, lan angsal dawoeh, bédjing poenapa kéngingipoen miwiti pertjoebaan (Noviciaat). Déné manawi dintenipoen sampoen dateng, inggih ladjeng mlebet kémawon mak bleng.

Inggih poenika, soepados sampoen dados dadamelipoen tija ingkang sengit dateng tija Katoelik, koela pitados, bilih oengel-oengelan ing nginggil waoe mesti badé katjorèk rekètek!
Matoer noewoen!

II. Sapoenika mangga megalogointingan saking Bahagia! Ngatoeraken raos kabangsan Djawi.

Lahirnja „Djawa Sarekat“ di poesatnja negeri politik Djakarta oedara kabangsaan Djawa timboel poela lagi. Jang toeroet mendjadi anggauta dari perserikatan ini soedah kl. 100 orang.

Toedjoennja ialah mempertinggi kultuur Djawa. Hatsil „Djawa Sarekat“ jang pertama, sekolah „Hollandsch Javaansche School“ soedah diboeaka boeat sementara bertempat di Djembatan Lima kampoeng Sawan dan pengadjaran diberi pada petang hari. Djoeja diadjaran boeat orang-orang dewasa bahasa Inggris dan Belanda pada sorenja. Dipimpin oleh goeroe-goeroe jang mempoenjai bevoegdheid. Dalam „Djawa Sarekat“ doedoek sebagai Stichter dan Hoofdleider Raden Mas Wahjoemaja Padmonagoro: sekretaris, toean Raden Mas Abdoel joekoer dan toean Abdoel Rahman penningmeester („m“)

Poenapa lairipoen „Djawa Sarekat“ kedah kita koewatosaken, kedah kita adirihi kados déné paloe ingkang dipoenagagaken kanggé mejtah idam-idaman: „Indonesia Raja“?

Jèn „Djawa Sarekat“ netepi toedjoenipoen tok i. p. ngadjengaken cultuur Djawi, kita boten soesah soemelang; samanten poenika, manawi „Indonesia Raja“ namoeng ateges: manoe nggil ing politik.

Manoe nggil ing politik poenika boten sami kalijan manoe nggil ing cultuur. Lan tanpa manoe nggil ing cultuur, manoe nggil ing politik saged kelampahan oegi.

Malah bokmanawi makaten poenika marginipoen ingkang lentjeng dateng „Indonesia Raja“.

Koela namoeng matoer „bokmanawi“ lol! Tijang koela poenika dédé politicus, nanging namoeng djoeroe goenting pers, kras-kres kras-kres!

santoen salaga, damel reregèng-reregèng sakarsa-karsa, tékadipoen kowé ora gelem toekoe manoe reregangan iki arep toekoe menjang ngendi!!! langkoeng-langkoeng kanggéipoen kita alit oetawi padoesoenan; ingkang saweg kalih tiga tokenipoen. Samanten oegi toemrapping daokai bis; nijatipoen inggih badé ngebroekaken sanèsipoen, sarana toewin réka dajanipoen warni-warni; boten namoeng sarana ngedakaken regining kartjis; oep. sarana ngingah toekang kepreak; goemoen koela ingkang dipoenpatah dados toekang poenika kok poeroen-poeroenipoen; mikolèbaken sanès bangsa; dak sija dateng bangsanipoen pijambak; wonten poendi kamanoengsanipoen tija kados makaten poenika???

Mangka kirang-kirang begdjaniipoen tombok njawanipoen pijambak.

Pikolèhipoen sang daokai ngingah toekang kepreak, manawi poenggawanipoen sanès daokai sampoen dipoenkeprak-kepreaki ingah-ingh-anipoen; la kèter bisipoen, ngriki saged ngglèdèg pijambakan.
Pambombongipoen sang daokai

SAKING PAKEMPALAN.

Papanggih an oemoem.

Wah rahi tlédor dangoe boten ngatingal, sampoen kirang pangapoenten saodara pangreh P. S. tjang saweg répot éndang-éndang; pepanggih an poenika loeogepoenten sampoen dangoe, saweg sapoenika saged ngatoeraken verslag-ipoen; réhning sampoen kalingga dina-sasi dados katah ingkang kesoepean, mila namoeng badé ngatoeraken wos-ipoen sakedik.

Kala dinten Ngahad tg, kapengker poenika; njarengi paretapan H.D. ing Moentilan, pangreh H. S. (Harta-Saraja Doekoen) ngatoeri saraséh dateng para warga toewin sadèrèk sadjawaning kalangan Katholik (wonten sadèrèk goeroe, loerah, tani lsp. manggèu ing Vervolgschool. Wosing saraséh ngrembag éconómie lan nawèkaken H. S. dateng sadèrèk ndjawi (sadjawaning Kath.).

Sesorah bab éconómie kaasta Hr. C.R. Reksaatmadja; mawi njoengolaken toelada-toelada sarta goemarengahipoen sadèrèk Djawi bakda wonten gegèran ing Pekalongan; sarta ngandikakaken aosing sirah Djawi namoeng f2.50. Inggih ontran-ontran Pekalongan poenika ladjeng mireng pangaoising sirah Djawi. (Te erg) ngrémhaké wong kok saképnaké wetengé waé. Goendoelé sing moeni koeui pira ta regané!!!

Wosing sesorah poenika, sanadjana paredén sageda noelad goemarengahing sadèrèk kita-kita; sarana ndadosi bab éconómie oetawi sageda sajoek roekoen.

Nawèkaken H. S. Hr. J.K. Praphtandaja sarana ngandaraken moela-boeka (arah-larahipoen) wontening H.S. Telos sarahipoen Hr. Praphtandaja para sadèrèk sami manggalih sarta sami moendoet pira kawontenan-ipoen huishoudelijk Reglement toewin Statuten. Sareng sampoen sami midangé wonten sadèrèk ndjawi 5 sami mlebet (moendoet andeel H. S.) Wonten oesoel-oesoel sanès bv. piroekoenan kesripanan lsp. badé karembag paraesékkal; watawis djam satengah kalih pepanggih an bibar kanti wiloedjeng boten wonten kara-kara.

Aksamanta
Jos.
P. S. Moentilan.

inggih saged; „soedah asal gini-gitoe keproek sadja, bikin hantjoer sama sekali, perkara belakang nanti saja yang menangoeng denda; wah; tjang tjekak nalariipoen; dipoenbomong kados makaten; mila kerep kémawon koela mireng poenggawa bis A prak-proek kalijan poenggawa bis sanèsipoen, la wong kados makaten tjaranipoen. Koela gadah gagasan makaten poenika, kados boten klampah saopami tanpa pambom-bomong ingkang samanten. Samanten roemijin kados sampoen tjekap kanggé mratelakaken, mar-mirising concurrent wonten djagad autobus. Moegi-moegi dadosa panggalihan-ipoen ingkang wadjib; saja kekah anggènipoen ngendaleni toewin nganger-angeri bab lampah-lampahing bis sarta tandangipoen para poenggawa bis. Manawi boten saja dipoenkekahi; dipoenkerasi, prasasat namoeng badé kanggé dolanan kémawon njawaning panoempang, masakaken.

Babrajan njamboet damel.

Katah kémawon pandamelan ingkang boten koewagang manawi katindakna (katandangana) pijambakan. Sagedipoen toemindak sarana mbetahaken réntjang oetawi kantja. Oepami toemrapping tjang mbatik; moelang; langkoeng-langkoeng toemrapping ngerèh oetawi mranata doesoen. Kados-poendi wadjibing tjang babrajan njamboet damel? no. I kedah mong-ingemong madisamadan; sampoen concurrent!!! Manawi saged concurrent saé makaten sokoro, kados déné ontjor-ontjoran sregep; namoeng pandoeqi koela kémawon langka ingkang saged nglampahi; poeroen ontjor-ontjoran ratjak namoeng badé kanggé ngoepados moekak; pendok. Sisah manawi makaten, boten sandé gedé-gedénan kepel tjara bisipoen.

Kados déné mrenata doesoen; kalimrahan bekel oetawi loerah ingkang koewaos; betah tjarik oetawi prabot; loerah koewaos milih, koewaos pados; kanggé babrajan njamboet damel sasarengan; nanging sampoen ladjeng ngegoengaken koewaosipoen.

Manawi sampoen pikantoeq tjarik oetawi prabot ingkang tjoekeop padamelanipoen kaemi-emia, kawét-ewéta, sampoen ladjeng doemèh koewaos; lepat sakedik lémpar, tjarik lain ta; saja ta koewasa milih. Sampoen makaten mas loerah!!! Kadjawi manawi tlédor, boten saged njamboet damel; setijar pados ingkang saged; manawi sampoen kléresan pikantoeq ingkang saged, lan njakoeq pandamelan... inggih sampoen.

Kerep kémawon koela mireng tjarik oetawi prabot doesoen ingkang tanpa lepat ladjeng kakéndelan; wah memelaaaaas.

Margi poenapa??? koela boten saged matoer; wados poenika!

Mbokmanawi para maos inggih sampoen astring mregoki lalampahan makaten; langkoeng-langkoeng ingkang wonten padoesoenan oetawi paredén kados panjerat, kerep nji-pati lalampahan kados makaten.

Kados-poendi???

Jah, mengko diarani nggentong oemos. Koela matoer sakedik, kadjengipoen dipoenwastani nggentong oemos; koela djarak karsani-poen sami dipoenpanggalih.

Koela ngandaraken kalimrahan oetawi ingkang kerep kita soemerepi; sampoen ladjeng dipoen-gagapi; doemèh tjarik panggènan koela mentas kéndel; boten margi poenika lo sadèrèk, poenika ngaten kabariipoen kéndel kadjengipoen pijambak, lan kéndelipoen waoe laras.

Ingkang badé koela atoeraken sanèsipoen; ingkang boten laras; rajak melas, nalangsa; katah kémawon tjarik doesoen ingkang dipoen-tedani... dateng loerahipoen, boten saged ngatoeri ladjeng katjopot; margi poen loerah sampoen pikantoeq tjong-tjongan ingkang badé nggantos kanti noembas samanten atoes, samanten atoes. La kéndelipoen tjarik oetawi prabot doesoen ingkang makaten poenika rak memelas, poen loerah boten manggalih katjakepanipoen tjarik oetawi prabot doesoen ingkang badé dipoenkéndeli; namoeng nglongok dateng arta f 100, - f 200 (kalih atoes), wong ja akèh lan énak doewit ki; sapa sing ora kemetjer.

Nanging kanggenipoen loerah ingkang mila badé nata doesoen; pantjènipoen boten mélik dateng arta samanten; djer ngèngeti poenggawa énggal poenika dèrèng temtoe saged njamboet damel lan temen; ingkang temtoe ladjeng kèter; gagasan-ipoen sang énggal-énggal; akoe ta toekoe; loerah mesti ora wani sawijah-wijah menjang akoe; dak sija menjang njong, tak rekès ta; poenapa boten kodjoer kirang bedjanipoen poenapa boten pedot srémpang ingkang djené soemoroet poenika?? Sanadjan prakawis poenika boten gepokan dateng badan koela; roemaos preloe kabèbèr wonten ngriki; soepados dados panggalihan. Sanadjan tjarik oetawi prabot doesoen poenika prasasat wonten tanganipoen loerah; manawi kléres wonten tjarik oetawi prabot doesoen ingkang saé, temen, lan njakoeq dateng padamelan, mangka ladjeng kasadé dateng loerah moegi-moegi pikantoeqa béla saking nginggil. Namoeng poenika atoer koela.

Aksamanta
Jos. P. S. Mtl.

FILM DJAKARTA.

Kalangan P. P. K. D.

Bab poenika ingkang perloe koela njoewoen pangapoenten roemijin dateng mijnheer Kasima, déné kaping kalih ngrembag P. P. K. D. Djakarta, tansah wonten lepatang pangetjap ingkang ngribedi:

(a) roemijin nama Kasima medal kaetjap mawi aksara alit

(b) ladjeng ingkang mentas poenika margi tambah koma, soeraoipoen ladjeng dados walikan bledjed: „mijnheer Kasima boten katingal, soeda tradjangipoen” leresipoen: „mijnheer Kasima boten katingal soeda tradjangipoen.”

Ingkang poenika moegi prijan-toenipoen ingkang ketaman, lan para maos sadaja sami agoenga pangaksamanipoen.

Bab paretapan ingkang kaangkah kawontenan ing woelan poenika boten éstoe kadadosan, kabekta saking liberoan lan radi boten patos gangsar anggènipoen pados papan, dados kaoendoer kawontenan ing woelan Oktober.

Babagan panggesangan.

Temtoe kémawon ingkang perloe kaatoeraken roemijin Pasar gambir. Koela njerat poenika Pasar gambir mèh toetoeq, namoeng kirang sadinten. Bab mada Pasar gambir samireng koela boten wonten. Dagan ingkang katingal kaadjeng-aken: sigaret lan bier. Dagangan kalih warni poenika ngetog damel reclame. Bier Heineken, Bier Koen-tji lss. Makaten oegi sigaret: Mac Gillavry, Dièng lss. Danganan sanèsipoen boten katingal mempèng rebat papan kados danganan kalih warni poenika.

Ingkang saweg dawah djoeleang: Maison Versteeg. Bibar kabesmén ladjeng angsal tjatjadan margi kirang saéning danganan, kirang rikat medalang danganan lss. Kosok-wangsoelipoen Restaurant sanèsipoen sadaja angsal pangaleman: Maison Coesel, Stam en Weins lss. Restaurant Capitol boten medal, mbokmanawi taksih sakit ketladoeng kala Pasar gambir 1930. Begdja déné boten ladjeng pedjah kados restaurant Kramat.

Miss Riboet katingal riboet saéstoe, katanda saking tambahing actresses lan decors, lan... kebaking panggènan.

Tentoostelling kéwan iwèn lan anggrèk njata bati toemrap ingkang sami ningali, langkoeng-langkoeng para ahli seserepan lan ahli gambar.

Kala poen Tom mlebet ing tentoostelling kalih waoe batosipoen: lha dalah, nggawaa schetboek sida dadi gawé, modèl sakajéng kabèh ana! pitik sing gedum banget, pitik poetih tjènggèr abang semringah,

pitik loerik sekoel anggrèk poetih memplak, anggrèk abang saselé lss.

Sinten pados tjonto gambar wonten ngrikoé badé kalegan: inggih menggahing roeroepèn lan inggih menggahing wawangoenan.

Makaten oegi para ahli gambar tjang, sinten ngadeg ing kori tentoostelling kéwan iwèn badé mranggoeli wangoen sagending-ipoen: djené, petak, njoklak; garing, teles, seger, semringah lan sapitoe-roetipoen.

Poenika Pasar gambir! Toer dè-rèng sadaja.

Babagan golongan sanès.

Film koela sampoen naté ngatoeri opname saking Leeszaal ing Betawi, ingkang doenoengipoen mèh adjeng-adjengan kalijan Schouwburg. Roemijin koela matoer bilih Locomotief tebih-tebih oegi dateng. Mentas kémawon koela merlokaken ngingoek, lha, Soerabajasch Handelsblad djeboel sampoen noetoei dateng.

Pantjèn reclame poenika perloe Soerabajasch Handelsblad poenika bab oemoer-oemoeran babag kalijan Java Bode, ingkang kalih-kalihipoen watawis sampoen sami oemoer 80 taenan. Het Nieuws saweg 40 taenan.

Babagan pamoelangan.

Mitranipoen poen Tom pratéla jèn wonten Betawi njepeng orde wonten ing klas langkoeng angèl. Tom mireng makaten poenika boten namoeng sapisan. Tamoe saking Djawi Tengah ingkang mirsani pamoelangan Djakarta sampoen naté ngandika:

Koela boten poeroen moelang wonten Betawi, awit?

Awit boten keplok kalijan watek koela.

Salah satoenggiling prijantoe pangreh pamoelangan kerep ndangoe: „Apa dèwèké bisa moelang?” teges-

VAN LITH - STICHTING

Poenapa pandjenengan kanggé woelan poenika sampoen ngintoenaken arta contributie kanggé V. L. S.

Penningmeester V. L. S.
2e. Convict
Moentilan N. I. S.

ipoen: apa klassé bisa meneng?

Kosok-wangsoelipoen wonten sadèrèk tjarijos: akoe seneng ana Betawi, botjahé kendel, blakanan, ora taoe ngantoeq.

Dados... mawi-mawi prijantoenipoen. Jèn sembada inggih kraos, jèn boten, inggih boten djenak. Prijantoe ingkang ngesah moelang ing doesoen, mergi sèmpelah laré boten ngertos sepoer, boten ngertos sima, boten ngertos wissel, sami datenga Djakarta, temtoe kelegan.

Wonten goeroe Betawi pratéla makaten: „Koela akèh moerid koela klas I koela poerih anggambir sakadjengipoen. Let 15 menit koela moebeng pepriksa. Koela soemerep gambar bus, montormaboer, kapal balapan, montor lss. Koela takèn poen A: iki apa? Wangsoelanipoen boten, ini auto, nanging: ini Chevrolet! Tangganipoen alok: ini bjoek meneer! Poen C tjloeloe: ini K. P. M. lan njata, gambar kapal bregas, tjang, pipa, djangkar boten kantoen, lan papanipoen djangkar trep kados kapal K.P.M. ingkang mentas koela soemerepi.”

Poenika timbanganipoen! wonten rekaos, wonten épahipoen. Koela bedé para maos temtoe boten sagah jèn kapoerih nggambar: Chevrolet! Laré Djakarta dèrèng sekolah saged ngertos bédanipoen wangoen Chevrolet, Dodge, Buick. Sampoen milih: Ford, Fiat.

Poen Tom mentas noempak taksi, kéngkènan laré mbajar dateng sopir. Poenapa pitakènipoen laré waoe? Ing Djawi Tengah temtoe boten badé kalampahan; laré waoe takèn: jang mana njo Tom, jang bjoek apa jang dods?

Koela lingak-lingoek, wangsoelan koela: itoe, jang paling moeka! margo boten ngertos poendi ingkang Buick, poendi ingkang Dodge.

Poenika bédanipoen: lain padang, lain belalang; lain tempat, lain orangnja.

Babagan gotrah Kath. Djawi.

Doemoegi woelan Agoestoeng ing Djakarta sepi rama Pastoe ingkang ngertos basa Djawi, oetawi ingkang roemijin sampoen sasrawoengan

kalijan sadèrèk Djawi.

Sapoenika Rama Awick sampoen rawoeh lan kabanoem Kapelaan, saged oegi poenika ingkang badé nemenani ngrigenaken lan nengenaken kabetahan kita, gotrah Katolik Djawi.

Manawi rama poenika karsa mahamaken basa Djawi, o, iba bingah kita.

Mentas kémawon koela kepenggih mitra riboet pados boekoe sembahjangan Walandi perloe badé biecht, awit... rama Pastoe ingkang ngertos Djawi boten wonten.

Keriboetan alit nanging njata damel ribed kados makaten poenika koela kerep meningi, ingkang margi kabekta saking boten tjotjoging basa.

Koela kèmoetan ing London, jèn dinten ageng kerep kasedijanan pinten-pinten kamar ngaken dosa kanggé pinten-pinten basa: Tjina, Japan boten kantoen.

Lah, oepami njata kita saged angsal rama Pangèn ingkang ngertos basa kita, poenika saja badé damel loedanging karibedan kita. Sanadjan gampil, réhné basa Mlajoe dédé basa kita, kita boten saged sreg nganggé lan nampi. Béda kalijan basa Djawi, teroes contact kalijan baloeng soengsoem.

Rama Sträter kala ngandika dateng koela: „Lo, kok kowé Tom” dajaniipoen ngoengkoeli woelang sadjam dangoenipoen.

Mila moegi-moegi pangadjeng-adjeng koela ingkang medal ing Swara Tamaj ngriki poenika énggala kasembadan. Koeping Djawi, temboeng Djawi, poenika sampoen matoekipoen.

De Regisseur,
Tom.

SEKOLAHAN.

PENGADJARAN ING INDONESIA. (Djawan Cultuurstelsel.)

Para maos!!

Roemijin koela sampoen matoer bilih gégémbolaning ingkang njepeng pangoweaos woten ing Noe-santara anggènipoen maringi pengadjaran dateng anak Inlander poenika badé dipoen poerih damelipoen i. p. kadadosaken ambtenaaripoen, kadadosaken berahipoen. Babagan berahisme ingkang katanem déning „kaoem sana” poenika pandjenengan saged priksa pijambak sapinten lebeting mandjingipoen dateng anak Inlander. Margi dedasar ingkang kagémboel kados makaten, mila pangadjaran waoe ingkang perloe inggih waton anak Priboemi sampoen saged dados berah inggih sampoen.

Djaman Cultuurstelsel. Padamelaning para berahing negari saja angèl. Mila pamaréntah ngraos perloe angsal ambtenaar ingkang langkoeng saé didikanipoen.

Mila negari ladjeng kagoengan kersa jasa pamoelangan kanggé andidik ambtenaar priboemi, makaten oegi badé anggandèng pamoelangan-pamoelangan waoe kalijan pamoelangan tjalon Goeroe. Nanging ladjeng wonten gèsèhing rembag toemrap pamaréntah ing Indonésia kalijan ing negari Walandi, langkoeng-langkoeng prakawis voertaal ingkang badé kanggé wonten ing pamoelangan waoe.

Domine Gericke ngegeqi pamang-gihipoen bilih para ambtenaar ing-gil perloe sanget saged tjara Walandi. Ananging Pamaréntah ing negari Walandi makaten oegi balanipoen Prof Roorda boten notjogi dateng pamanggihipoen Zending, Gericke waoe; ngadjengaken soepados anak Priboemi ngertos basa satoenggal kémawon i. p. basa Pri-boemi.

Th. 1849 pamaréntah jasa pamoelangan ingkang kanggé ndidik anak-anakipoen para ambtenaar soepados ing béndjingipoen saged dados ambtenaar, pilar kakijataning Pamaréntah. Ingkang kénging nglebeti namoeng anakipoen prijaji kémawon. Anakipoen pak Toena boten kénging nglebeti. Dados tjara familie ambtenaar (éwoniipoen familie regeering) djaman samanten pantjèn ageng. Dalasan ingkang dados ambtenaar kémawon mawi milih-milih anakipoen prijaji.

Njata kawontenan ingkang makaten waoe babar pisan pantjèn boten saé. Ing th. 1851 babagan poenika ramé sanget karembag wonten ing Tweede Kamer. Ing kamer waoe Tw. THORBECKE damel andaran manawi negari perloe ngéwahi tindakipoen ingkang kirang saé poenika. Pengadjaran kanggé anak Priboemi perloe kadjembaraken, makaten oegi soepados sadaja anak priboemi inggih saking golongan poenapa kémawon kénginga ngle-

beti. dados moerid. Ing th. 1864 Reglement Pamaréntah ngatoer kados pamoendoetipoen Tw. Thorbecke waoe. Wiwit nalika samanten tjatjahing pamoelangan-pamoelangan ing Indonesia saja mindak katah. Ing th. 1865 wonten 58. Sareng pangadjaran sampoen radj djembar, pamaréntah ladjeng ngraos perloe wontenipoen bebadan ingkang kapoerih mranata prakawis pangadjaran. Ing th. 1867 lairipoen „Departement van Onderwijs en Eeredienst. Wiwit nalika samanten katah para tjang ing negari Belanda ingkang tjaoes pamrajogi dateng Pamaréntah soepados saja sajektos anggènipoen manggali dateng pangadjaran kanggé anak priboemi.

Doemoegi samanten kémawon roemijin. Minggoe ngadjeng kapanggih malih kalijan

HERCULES.

ÉKONOMI.

ÉBAHING DJAGAD PANG-GESANGAN LAN PANDAMELAN.

(Kantja Néger katingal kadigdanipoen).

Ing Sw.Tm. no. 33 koela sampoen njoepikli kawontenan sawatawis ingkang mratandani gantosing djaman. — koela atoeri èngèt bab sepatoe ing Weenen. — koela atoeri èngèt bab teboe. — koela atoeri èngèt bab naturalisten lan nudisten.

Sapoenika mangga mlebet ing kalanganipoen kaoem Kresna alijas bangsa Néger.

[a] Ing Amerika wonten ada badé mangsoelaken kaoem Néger dateng Afrika.

[b] Ing Amerika radja bangsa Néger badé toetoeleung dateng kamalaratanipoen Europa!

Kalih prakawis poenika dados pametjoet dateng koela sadaja bangsa koelit-njoklat, amrih saja gadaha krekak pijambak.

Kados-poendi doenoenging prakawis?

Makaten: Ing Amerika poenika bangsa Néger watawis wonten 4 joeta, oetawi 3 1/3 persèning djiwa Amerika Sarékat sadaja.

Jèn saged 4 joeta waoe ingkang 1 joeta badé kawangsoelaken dateng Afrika, saking kadjengipoen radja Néger ing U.S.A. pijambak ingkang nama S. O. Smith.

„De Rijkseinhid” katja 367 nje-boetaken makaten:

„S. O. Smith sapoenika gadah nijat ingkang ageng; nedya badé

SINTEN INKANG DIPOENKINTOENI PROEFNUMMER (TJONTO) KAPING KALIH TIGA SEKAWAN, MANGKA BOTEN PARING KETERANGAN POENAPA-POENAPA, LADJENG KAANGGEP DADOS LENGGANAN. - ADM. SW. TM.

PANGANDIKA DALEM I. S. K. SANTO BAPA LEO XIII.

Wontening kistroeh ing djagad kakantjan poenika margi para djoeragan kalijan para berah boten netepi wadjibipoen.

a. Kawadajiban toemrap dateng tjang miskin lan berah: Nglampahi boten wonten ingkang kelangka-koengan lan kanti toehoe poenapa ingkang sampoen dipoendamel pradjangdjian kanti mardika sarta kados samesitinipoen; boten kénging pisan-pisan ngrerisak baranging djoeraganipoen lan njenjamah dateng pijambakipoen; manawi namèngi kabetahanipoen, boten kénging mawi tindak roda-peksa lan sampoen ngantos damel gendra; sampoen ngantos gandèng kalijan tjang awon, ingkang ngiming-iming sarana ngadjeng-adjeng ingkang langkoeng saking ngekad lan sarana njagahi ingkang loehoer-loehoer, awit poenika ingkang katah-katah moeroegaken kedoeoweng, nanging anggènipoen kedoeoweng kasèp sarta moeroegaken itjaling radja-darbé.

b. Kawadajiban toemrap dateng tjang soegih lan djoeragan: para berah sampoen kaanggep kados déné réntjang toembasan; sampoen dados mastinipoen jèn para berah dipoenaosi kamanoengsanipoen, ingkang saja mindak dradjadipoen déning agamininipoen Kristen; nama kesangent lan dédé tindaking man-noengsa, jèn tjang dipoenanggep kados barang, namoeng perloe kanggé pados bati; kaoem berah boten kénging kapoerih njamboet damel ngoengkoeli kekijatanipoen. Ingkang kagolong wadjibing djoeragan ingkang perloe sanget inggih poenika: kedah njoekani dateng satoenggal-toenggaling tjang berahan ingkang kados samastinipoen inggih poenika ingkang nglenggahi tindak adil.

(Encyclicle Rerum Novarum 15 Mei 1891).

LOERIK WEDALAN ÉROPAH LAN DJEPANG.

Loerik wedalan saking Djepang, Éropah lsp, samangké dèrèng wonten. Nanging poenapa poenika selot-selotipoen boten badé wonten?

Nitik babad - babad, kenging kamtokaken wontenipoen, kadosta babading batikan. Ing sakawit namoeng damelanipoen tijang Djawi. Batikan Djawi poenika krida (kunst) Djawi. Sakawit tetijang ingkang katah remen dateng damelan Djawi. Sareng Éropah lan Djepang ngedal mawi batikan tiron, katah tijang Djawi ingkang milaer toembas damelan ngamantja, djalaran inggih leres dédé krida (kunst) nanging reginipoen mirah. Woesana krida Djawi dados bobrok.

Kawoeningana, Éropah lan Djepang poenika badé dagangan awas sanget. Ngertos tijang Djawi remen petat (djoengkat) ladjeng ngedegaken pabrik petat, woensana petat damelan Djawi prasasat boten padjeng. Ing riki wonten petat penjoe toelèn. Ngrikan damel penjoe palson. Tijang Djawi kados - poendi? Anger toembas ingkang palson, margi mirah.

Tjonto sanès. Tijang Djawi jèn nganggé sindjang, wironipoen dipoentata. Éropah awas, woensana damel pabrik dipanjan.

Kala roemijin, tijang Djawi jèn ngenganggé, wironipoen dipoentel-sepi katjoe abrit, ingkang asring kanggé mboentel kendoerèn. Éropah awas. Tijang Djawi dipoendamel-aken.

Sanadjan pabrik - pabrik ingkang awas waoe asring klintoe, éwasamanten kedah kita adrihi. Lo klintoe kados - poendi? Inggih poenika jèn tetijang gantos model. Oepami: wonten tijang ingkang awas, ngertos, jèn wanita remen nganggé soesoek kondé. Ladjeng damel pabrik. Woensana wanita gantos model, sami goendoelan, dados boten betah soesoek kondé. Poen pabrik dados bobrok.

Éwasamanten sanadjan badé tjalon bobrok, kedah kita adrihi, awit

sadèrèngipoen bobrok, saged ngri-sakaken ékonomi Indonesia.

Koela adrihi, bokbilih boten lami ing Éropah oetawi Djepang wonten pabrik damel loerik, amargi wonten ingkang awas, ngertos jèn samangké ing tanah Djawi saweg wonten model loerik.

Manawi makaten, loerik Djawi badé bobrok! Svadeshi tanpa goena!

Lah rékanipoen kados - poendi soepados Svadeshi toeloes?

Saking pamanggih koela, kita kedah sami awas kados tijang dagang ing Éropah lan Djepang. Ngedegaken pabrik pijambak. Pirantos damel loerik kadamel modern.

Lo nèk ngono kagoenan Jawa ikoe ilang! Pantji makaten, nanging inggih poenika, manawi krida (kunst) kadamel nomer satoenggal, inggih badé kaliren, awit djamaniipoen pantjen kados makaten. Batikan poenika krida prajogi dipoenela-ela, nanging ingkang teroes dagang batik kados makaten, temtoe pedjah déning dipoendjori ing pabrik.

Krida (kunst) poenika ingkang nggatosaken namoeng sakedik. Tetijang doesoenoetawi paredèn ingkang dipoenpadosi mirah. Dédé krida, nanging mirah, ladjeng katoembas. Sokoe jèn krida toer mirah. Nanging langka.

Krida lan pabrik saged toemindak sareng. Krida kanggé tijang ingkang sampoen toewoek anggenipoen neda. Pabrik kanggé tijang ingkang taksih loewé.

Mila manawi koela lo, badé Svadeshi (nganggé damelanipoen pijambak) inggih tjotjog, nanging kadamel modern, awit jèn boten makaten tjalon ngemoet drijji, amargi dipoenedjori.

Kita sampoen gadah - Ir. Indonesia pinten - pinten. Poenapa boten saged teteloeng damel pabrik lsp, apes, pirantos ingkang primitief kadamel modern.

Vive Svadeshi moderna!

FIRMA-MERDEKA
WÉTAN STATION NGABÉAN - DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah: tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi, semoea bikinan dari Indonesia betoel, barang baik harga pantes, dan bisa beli dengan **huurkoop.**

Djoega trima pesenan medja sekolah dengan harga moerah, dan sedija toekang bultzak boeat bikin betoel bultzak goena didatengkan dimana tempat.

Tarif onkost toekang bultzak dengan harga kain.

| | | |
|-------------------------------------|-------------------------------|---------|
| Bultzak no. 1. oekoeran 2,30 × 1,90 | satoe stel 2 goeling 4 bantal | f 10,50 |
| " no. 2. " 2,20 × 1,60 | " " 1 " 4 " | f 9,50 |
| " no. 3. " 2,10 × 1,30 | " " 2 " 2 " | f 7,- |
| " no. 4. " 2,- × 1,15 | " " 1 " 2 " | f 6,- |
| " no. 5. " 2,- × 1,- | " " 1 " 2 " | f 5,50 |

Pesanan bikin betoel bultzak bisa kirim soerat lebih doelo, dengan diterangkan pandjang lebarnya tempat tidoer.

Hormat Saia
Eigenaar: **R. A. SASTRODIHARJO.**

CORRESPONDENTIE.

Abn. 138. Sapoenikanipoen kanggé taoen 1931 saweg wonten tijtilan: f 1,25.
Tharc. St. Postwissel sampoen katampi.
Noewoen. Adm.

Soemangan karangan sampoen katampi sadaja. Saking katahipoen asmaning panjerat-panjerat boten badé kita djèrèng wonten ngriki, nanging kita matoer noewoen sanget. Sanès wèkdal jèn boten wonten alangan badé kapatjak. Sampoen dados panggalihi.— Atoer panjoeuwen sakedik: jèn paring soemangan karangan, moegi afzender ingkang sadjatos kaseboetna.

Abn. 714. A. K. W., jèn badé ngersakaken sasambetan kalijan sdr. ANDAJA, seratipoen mawia p/a Redaksi Swara-Tama Djokja kémawon; lan kita badé neroesaken serat waoe, soepados sdr. ANDAJA kadjengipoen soeka adrepsipoen pijambak.

Red.

OERAP-SARI.

INDONESIA.

Rama Superior A. van Kalken kondoor.

Setoe 12 September poenika Rama Superior A. van Kalken, panga-genging Rama-rama Jesoewit ing tanah Djawi, kondoor saking anggenipoen perlop dateng nagari Walandi, nitih baita Patria ingkang oegi titinihan ing G. G. énggal. Pandjenanganipoen ambekta Rama Imam satoenggal tjalon Professor ing pamoeangan philosophie ing Ngajodja, Frater Novice 3 sarta Scholastiek 2. Swara-Tama njaos-aken soegeng rawoeh.

nika tjekap katjarjosaken bilih ma-noet pétangan saben siti 1 M. pa-sagi kaenggénan tijang 6.

Samanten bab kadigdjanipoen kantja Néger!

Universiteit: 4.

Koran lan kalawarti: 1000!

Dèrèng ngétang: toko-toko, grija sakit, sekolahan sanèsipoen, Grédja lan bibliotheek! Kita?

Lah poenika dados pametjoet! „Energie . . . is ons kapitaal” makaten rengeng-rengengipoen sadèrèk *Ketjil* ing Sw.-Tm. angka 34. Lah, oeloek-oeloekipoen sadèrèk „Ketjil” waoe dados djimat boe-boendelan kita: *krekak* kita dados *pawitan* kita.

„Toont, dat ge ruggegraat hebt!” ngandikanipoen Soewargi Rama Hoevenaars.

Kita wadjib *toon*, ngatingalaken! Rak pirsira ta bilih mardibasa *Triwikrama* sampoen triwikrama saèstoe?!

Poenika tjonto melok!

Sadèrèk „Ketjil” soeka oekara-nipoen, *Triwikrama* soeka „njata”-nipoen. Kalih-kalihipoen trep kados-déné wédang - soklat - mèlek angsal djodo roti mari!

Kita wadjib hangombjongi!

Sampoen. —

Andaja.

SAMPOEN WIWIT MADJENG.

Parepatan Oemoeng ing Pripih.

Nalika dinten minggu tanggal kaping 30 Agustus 1931 ing Pripih ngawontenaken Parepatan Oemoeng kanggé ngrembag bab Coöperatie, manggèn ing dalemipoen M. D. Selopremadi (Pripih). Inggang ngrawoehi antawisipoen wonten 500 san. Bendara A. W. ing Koekap, saha Loerah, Loerah dalah sak-praboti-poen bawah Kasoeltanan lan Pakoelalman inggih pepak. Sdr. S. G. Widjosoemarto, goeroe 2e. Inl. school Pripih (Panitra) maos boe-koek Coöperatie model P. K. N. Sasampoenipoen poenika sdr. Adisoetjipto mantri Pendjoel Pripih (Pangarsa) nerang-nerangaken bab antjas antjasipoen poenika, saha nerangaken bab perloenipoen ngawontenaken Coöperatie.

Sabab poenika wonten sdr. 300 san ingkang njoewoen dados Lid. Soekoer bagé sèwoe, déné sdr. doeso, sampoen kersa damel Pakempalan Coöperatie. Namoen panjoe-woen koela moegi-moegi sampoen ladjeng kataman ama: DJELEH!

Taklim saking koela tijang doesoen. Temon.
C. S. H. D.

— V A R I A —

MRANGKANI KOEDI.

Djaman samangké boten kirang-kurang tijang saged oetawi laré-laré ingkang nembé medal saking pamoeangan inggil toer ngasta pandamelan sasaminipoen, sadaja sami ngandoet kasagedan oemoem (Algemeene ontwikkeling). Ananging kotjapa kanggé para sadèrèk kita ingkang wedalan sekolah namoeng setangsoelan, H. I. S., N. S. sapa-noenggilanipoen, mangka sampoen kalebet kasèp badé toemoet cursus oetawi mendet privatles, bakda njamboet damel, dados wantji sonten oetawi daloe. Lah prajoginipoen kados-poeni, soepados para sadèrèk kita waoe ladjeng kawastanan ont-wikkeling, maksoed kita boten ladjeng mangertos dateng sadaja ilmoe-ilmoe ingkang anèh-anèh kados déné para Dr. Mr. Ir. saha Prof. enz. boten babar pisan, noen! Kanggé sadèrèk - sadèrèk ingkang gadah tempo katah, tegesipoen bakda njamboet damel, wonten grija ladjeng saged njambi sanès pakarjan dados, prive. Mangké linggih oetawi glétak ngadjengaken tjamakan, poenika oegi kawastan njamboet karja! hem!! Toemrap para prijantoen ka-koeng miwah poetri ingkang sampoen naté ngambah pamoeangan, bilih pinoedjoe gineman ing pare-patan oetawi wonten pasamoean ageng, mangka ing rikoe ngan-daraken bab salah satoenggal ingkang nembé kelampahan kadosta: kabesmenipoen koloniale tentoon-stelling Nederland ing Parijs, sam-poena ladjeng kagèt, amargi boten mireng oetawi dèrèng maos. Kad-os-poendi réka-dajanipoen saged-ipoen „mrangkani koedi” bilih tjempo ingkang nganggoer boten kanggé maos kala warti enz., sjoekoer ladjeng gadah le ng g a n a n S w a r a T a m a, tamtoe boten tjingak!

Oedjoe K.

RAMA PANGÈN RAWOEH NOEWÈNI MÈNDANIPOEN.

Ing sadèrèngipoen koela kalilana neng-aken. Koela laré saking Kedoe. Ing samangké sampoen kapareng tjèjèkèr (oepamia ajam-ipoen makaten). Anggèn koela ngorak-arik oewoeh pados teda wonten ing kita alit doemoeng satengging wana. Menggah namaning kita waoe tjendoek sanget kalijan doenoengipoen, djalaran kinoebeng ing wa-

na ingkang katoewoehan it djatos, mila ladjeng anama „Kedoengdjati.”

Bab kawontenaning kita tjekapan: setat-sijoenipoen ageng, ing rikoe dados tem-poekanipoen sepoer saking Semarang, Willem I, toewin saking Solo. Peken toewin patjanan oegi wonten, bab kabatahaning tijang gegrija sekedik-sekedik sampoen me-paki; badé kékésahan gampil, margi tjelak sepoer; namoeng éman sakedik déné boten wonten margi ageng kados ing Ngajodja oetawi Semarang.

Prijantoenipoen ingkang katah sami makarja wonten ing setsajioen toewin ing kantor-kantor ingkang kanggé ngrembag bab kawontenaning kadjeng djatos, déné goeroe namoeng wonten sekawan, koela toemoet kaétag. Koela tjoeag samanten kémawon bab kawontenaning kita Kedoeengdjati.

Sapriki watawis sampoen wonten kalih woelan mlampah koela ngraosaken toea Kedoeengdjati. Sanadjan sampoen katah pi-tèpangan koela, lan oegi katingal sami rena manawi koela kemali, éwasamanten manah koela dèrèng saged ngraos mapan sreg. Poenapa déné teka makaten. Inggih awit roemaos gesang ketjepit, djalaran sareng méngo ngiwa toewin nengen boten wonten ingkang nglampahi agami kados koela, oetawi toenggil panoetan kalijan koela: nanging inggih boten nama tanpa kantja babar pisan, awit wonten ing rika koela saged kemali kalijan prija kakalih ingkang toenggil panoetan, toer toenggil bangsa. Lah poenika ingkang adamel soedaning pangraos ketjepit waoe. Saja ageng manah koela, sareng mireng bilih ing kita ngrikoè oegi taksih wonten ingkang nglampahi kados koela, nanging bangsa Walandi sadaja, nanging inggih boten dados poenapa, toem-rapipoen kita poetraining Pasamoean Soetji boten merdoeli bangsa, sadaja waoe sampoen mandjing dados sadèrèk.

Ing samangké sampoen boten minggrang-minggrang malih sareng soemerep katah sadèrèkipoen.

Kala embèn poenika kadang Katholik ing Kedoeengdjati tampi kabingahan ingkang boten kintin - kinten.

Kala dinten Rebo tg. 2-9-31 wanti èndjing watawis djam satengah woloew wonten salah satoengginging rama saking Semarang rawoeh ing Kedoeengdjati; noenten ndjoedjoe dalemipoen toewan chef setsajioen, amargi njonjahipoen toewan chef waoe lan iboenoen mara sepoeh oegi Katholik. Prakawis poenika adamel gambiraning manah koela tetiga lan oegi kadang Katholik sanèsipoen, djalaran badé saged ndèrèk njaos-aken koerban Mis, saha tampi daharaning para malaekat. Èndjingipoen watawis djam nemem koela tetiga sarta sadèrèk sawatawis sami dateng dalemipoen toewan chef; nalika samanten rama pastoor sampoen soemekta lenggah wonten satoengginging kamar, ngertos para poetra ingkang badé wotes kasoe-kanipoen, ing rikoe oegi wonten ingkang sesoetji sawatawis, malah koela pijambak oegi adoos, namoeng gela sakedik déné rama waoe boten saged tjara Djawi, saged-ipoen tjara Madjeng. Sareng kinten-kinten djam satengah pitoe rama wijiwi njaosaken koerban; panggénanipoen inggih wonten dalemipoen toewan chef waoe; panataniipoen altar boten ngoetjwani: ing sangadjenging altar katatanan koersi kirang-langkoeng gangsal welasan; sareng koela soemerep tjatjahing koersi samanten boten wonten ingkang nganggoer, manah kraos mongkog sarta roemaos boten wonten salebeting grija, pangraos wonten ing salebeting kapel. Salebeting koerban Mis rama maringaken redjeking soemka; ingkang madjeng anam-pèni watawis eneman. Inggang ngadosi rama waoe laré saking Moentilan ingkang nembé kémawon ngambah kita Kedoeengdjati. Bakda saosan koerban Mis, pandjeng-nanganipoen rama pastoor ngandaraken bab rija 1500 taenipoen parepatan (consilie) ing Ephesoos (mawi basa Walandi). Wata-wis djam sanga pandjenanganipoen kondoor dateng Semarang.

Koela para poetra kedoeengdjati matoer sanget sèwoe noewoen dateng pandjenangan-ipoen rama pastoor Eerftemjer ingkang sam-poen karsa rawoeh noewèni para poetra ingkang sami wonten ing Kedoeengdjati; sarta maringi panglipoeer saha angijataken kentjenging manah. Boten langkoeng para poetra njoewoen soepados saladjengipoen oegi wonten rama ingkang ngrawoehi, langkoeng ageng ing manah koela manawi ingkang rawoeh rama ingkang saged nanggapi temboeng koela (tjara Djawi).

Kedoengdjati kaping 5-9-31.
koela poen.
P. C. G. Widya.

PRAKAWIS INGKANG PANTES KAGAGAS.

Sareng koela maos Soera Katholik tanggal 30 Agustus 1931. no. 24, manah koela bingah sanget, awit P. P. K. D. mindak tjabang-ipoen kalih, inggih poenika tjabang Bara Kalibawang lan tjabang Jacatra. Tandanganipoen sadèrèk Bara toewin Jacatra poenika pantes dados toeladanipoen sadèrèk ing pang-génan ingkang dèrèng wonten tjabang-ipoen P. P. K. D. Koela gadah pangadjeng-adjeng soepados tjabang kakalih waoe saged ngindakaken kekijatanipoen P. P. K. D. ing oem-oemipoen.

Para maos temtoe sampoen mangertos, bilih pakempalan politik poenika toemrapipoen gotrah Katholik perloe sanget. Prakawis poenika boten oesah koela rembag pandjang.

Ing saopoenika poenapa sadèrèk Katholik sadaja sampoen mangertos dateng perloenipoen politik? Prakawis poenika koela boten saged nerangaken. Oepami wontena éman sanget.

Zijne Excellentie Mgr. J. D. J. Aengenent, Bisschop ing Haarlem, nalika taksih djoemeneng professor sampoen naté sosorah bab politik wonten Katholiken dag ing Maas-tricht. Pangandikanipoen makaten:

„Allereerst, dat de politiek de belangsteling van iederen Katholiek, van welken rang of stand hij ook zij, overwaardig is, en dat het dus een grove dwaling is minachtend op haar neer te zien.” (Maasbode ochtendblad 30 Mei 1928).

Djawanipoen kirang langkoeng makaten:

„Nomer satoenggalipoen sadaja tijang Katholik boten mawi ngèngeti pangkat oetawi

Receipt²

**ER
ER
ER
ER
ER**

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelai f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan, Metallicus. Ada sedia djoega: Djas hoedjang, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:
Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

Frieling's Glansverf A (tjèt gilap)

kantoen ngoesar-oesarakan kémawon, teroes kénging kaanggé.
Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo.
sa - blèg 9.— 4,75 2,50 1,10 0,60
Kwaliteit (golongan) B, sa - blèg 10 Kilo f 6,50.
5 Kilo f 3,50.

Frieling's Verflak no. 1 sa - gendoel f 0,90.
no. 2 " " " 0,70.
Lisah tjèt Walandi " " " 0,50.
Byta kanggé ngitjali tjèt " " " 0,30.
Artistic Calcarium sa - Kilo " " " 0,75.

Glansverven (tjèt gilap) sabèn 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjèt R. B. FRIELING
HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.

TOKO DJOEN & CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan, wiwit sapoenika kita ngwontenaken persenan. Sabèn kantongang boeboek saking Djoen wonten COUPON MAWI REGI.

Srana nglempakaken kantongang dalasan couponipoen, para lengganan badé angsal pépénginanipoen. Mangga énggal njobi moendoet!

Kita sedija:
JAVA KOFFIE No. 1 sa-pond f 1.—
ROBUSTA " " 1 " " " 0,80
" " 2 " " " " 0,70

Tanggap tanpa tjampoeran.
Jèn badé njatakaken sadèrèngipoen kopi mlebet ing gilingan, kénging.

Atoer hoemat,

Toko Djoen & Co.

Sampoen kasedijakaken Papan pondokan kanggé laré èstri ingkang sekolah.

Sinaoenipoen dipoenelat - oelataken sarta dipoentoentoen.

Wragad mondok lan neda:

f 15.—

HARDJADININGRAT.

GOENOENG-KETOER, PAKOEALAMAN, NGAJOGJAKARTA.

Fuhri, De Hoog, Burger, Wolff, Sosrohadiwidjojo, Pastor, Notosoetarso, Roep, Gondosoebroto, Van Helsdingen, Hadiwidjojo, Menschaar, Monod de Froideville, Kasimo, Staargaard, Van Holst Pellekaan, Tjakraningrat, Van Zalinge, Feuilletean de Bruyn, Alatas, Loa Sek Hie sarta toewan pangarsa.

Ingkang boten tjotjog toewan:
Soetardjo, Otto Iskandar, M. Noor, Fournier, Mochtar, Wiradiatmadja, Dwidjoséwojo, Thamrin, Ratulangi, Jobbaar, Machmoed, Wiranatakoesoema, Soeangkoepion, Soeroso, Soejono, Wiwoho, Wirjopranoto, Prawoto, Van Mook, Arifin, De Dreu, Koesoema Oetaja sarta Abdoel Rasjid.

Jèn makatena bangsa journalist samangké kénging kawastanan antjik-antjik ing sapoetjoecking eri.

Gratie dateng Ir. Soekarno sarta Radèn Gatot Mangkoepradja.

Nagari dèrèng lami poenika ngedalaken besluit, ingkang ngemot soeraos: Ir. Soekarno lan Radèn Gatot Mangkoepradja angsal gratie. Oekoemanipoen Ir. Soekarno 4 taoen kadadosaken 2 taoen, sarta Radèn Gatot Mangkoepradja 2 taoen karilakaken babar pisan.

Gratie poenika ateges noegraha, dados manoet pamanggihing Nagari, pantjasanipoen Landraad ing Bandoeng, ingkang moetosé manawi Ir. Soekarno sarta Radèn Gatot Mangkoepradja kalepatan nerak artikkel 169 sarta 153 bis Wetboek van Strafrecht, kaanggep absah.

Ing besluit ngrikoe njeboetaken jèn anggènipoen Nagari paring gratie waoe amargi welas, déné Ir. Soekarno sarta Radèn Gatot Mangkoepradja waoe anggènipoen nerak angger, djalaran badé nggajoech idam-idaman (ideaal).

G. G. énggal.

Setoe 12 September poenika Ingkang Witjaksana Jhr. Mr. B. C. de Jonge, G. G. énggal rawoeh ing tanah Djawi. Pametoekipoen kanti semoewan: sadaja gedong-gedong goepermen ing Tandjoeng Priok, Betawi sarta Weltevreden sami mandjer gendéra. Saradadoe ngatoengaken sandjata, para oepsir pedang sinareng oengeling wilhelms. Para ambatenaar sami matjak-matjak. Baita perang lan baita goepermen sanèsipoen sami pating klinter.

Ing wantji éndjing djam 6 3/4 para agoeng sami wonten ing wachtkamer gadahanipoen Maatschappij „Rotterdamse Lloyd, kadosta: Goepernoer Djawi kilèn, Burgemeester, Resident sarta Regent Betawi, commandant van de eerste divisie der landmacht lss. Poenika sami metoekaken G. G. énggal sarta atas asmanipoen G. G. lami atoer pambagja.

Samangsa Ingkang Witjaksana nilar baita, ladjeng wonten swaraning drèl kaping 21. Djam 7 1/2 pandjenganipoen dipoenletoek wonten ing setasioen Koningsplein déning para agoeng. Escadron cavallerie saking garnizoen djam 7 1/4 sampoen wonten ing rikoe, sami matjak-matjak.

Djam 8.30 G. G. énggal lan lami tindak dateng gedong Raad-kawoela. Wonten ing rikoe G. G. lami njèlèhaken pangkatipoen, déné G. G. énggal nampi. Sakala wonten drèl kaping 21.

Ladjeng sami kondoe dateng dalem ing Koningsplein.

Dagblad nasional „Swara Oemoem”.

Serat kabar Swara - Oemoem 7 September martosaken makaten:
„Weekblad Soeloech Ra'iat Indonesia kang diwetokaké déning P. B. I. lan Swara Oemoem kita digaboeng dadi sidji. Sidji-sidjiné partij ngleboni adil drukkerijné, oeroesané dadi sidji, dioeroes déning bebadaanan kang pisah saka P. B. I., bandjoer wiwit tg. 1 October 1931 ngarep iki arep ngetokna dagblad nasional basa Indonesia (Melajoe) lan Djawa, déné arané tetep Swara-Oemoem.”

Prakawis ngedalaken dagblad mawi basa kalih tjampoeran inggih poenika Djawi lan Indonesia poenika boten gampang, tenèh golongan Katoelik sampoen miwiti. Angèlipoen toemrap golongan Katoelik, djalaran golongan Katoelik ing sadjawinipoen tanah Djawi boten ngertos tjara Djawi. Éwasamanten namoeng mangajoebagja.

MANTJA NAGARI.

VATICAN.

Pradjangdijijianipoen regeering Itali kalijan Vatikan. Oetoet² an kasebat ing Sw. Tm. 36, boten dados wokan. Tilgram² ing minggoe poenika martosaken, jèn Vatikan kalijan Itali sampoen wawoeh; lan pradjangdijijianipoen sampoen katandanan asta. Kadost-poendi warnining pradjangdijian, poenika dèrèng wonten kabar. Dados dipoensabaraken roemijin. Nanging salebeting ngentos sampoen kénging nitjil ajem!

SPANJOL.

Boentoeting revolutive dèrèng tjoentel. Kita Barcelona sapoenika saweg dados poesering gégéran, mawi radja pedjah poenapa. Bakda poenika poenapa ladjeng badé tentrem? Kilap. Nanging Bolsjewisme kok inggih sampoen nglebeti Spanjol. Ingkang poenika ladjeng wonten larasipoen, jèn boentoeting revolutive badé pandjang nglawèr.

Gregoet Katoelik wiwit kentjeng malih. Sadèrèngipoen revolutive gesangit tjang Katoelik ing Sepanjol tjeta radi kasekétjanen. Woesana revolutive dateng, mawi njampar, ndjedjak, ndoegang raos Katoelik. Sinten ingkang raosipoen Katoelik dèrèng itjal babar pisan, mesti ladjeng goemréngah tangi; gesangipoen tjara Katoelik goemregot malih. Lan ingkang kadadosan, inggih makaten jektos.

Woelangan agami wonten ing sakolahan dipoensowak; tjang Katoelik sami njowoen dateng bestir sakolahan soepados anakipoen wonten sakolahan angsala woelangan

agami malih kados roemijin. Kentjeng anggènipoen andoewa dateng sabèn besit, ingkang soelaja kalijan agami Katoelik. Anggènipoen moeljakaken dinten raijan langkoeng semoewa tinimbang roemijin. Warganing pakempalan-pakempalan Katoelik kanggé nèm-néman tansah mindak. Organisasi Katoelik kanggé nèm-néman ing Sepanjol sapoenika saestoe sampoen dados!

BRITANIA.

Regeering Inggris énggal. Margi saking krisis ékonomi regeering kapeksa santoen, nanging Mac Donald taksih tetep dados minister pangarsa. Déné damelipoen regeering énggal poenika namoeng kanggé nata kaékonomian. Jèn sampoen tata ladjeng badé bibar. Nanging béndjing poenapa tatanipoen?

Retjanipoen Sang Kristoes Mangratoe. Congres Eucharistie taoen ngadjeng badé wonten ing Dublin (Ierland). Tijang mantja Katoelik, ingkang sami dateng, badé katah ingkang medal palaboehan Dun Laoghaire. Ingkang poenika para sadèrèk Katoelik limrah (leeken) sami nglempakaken jatra kanggé ngedegaken retja Sang Kristoes Mangratoe, wonten ing lebetaning palaboehan waoe. Inggiling retja kl. 33 mèter; kataksir regi kl. 1.500.000 franc.

NEDERLAND.

Nandang nèm-néman djaler. Sinten angegem nèm-néman sapoenika, angegem oegi djaman wingking. Mgr. Aengenent, K. Biskop ing Haarlem, ingkang sampoen kasoewoer sineboet K. Biskop Sosial, doemoegi sapoenika sampoen jasa organisasi kanggé nèm-néman èstri ing kabiskopan Haarlem, sarta kemoedènipoen kapasrahaken dateng Vrouwen van Nazareth, ingkang ngawontenaken ébah-ébahen „De Graal”. (Vrouwen van Nazareth wonten ing tanah Djawi inggih sampoen gadah tjabang i. p. ing Bogor: „Jeugdzoeg”) Wohipoen maremaken. Sapoenika nèm-néman djaler gentos kaasta. Mgr. Aengenent matah Rama gangsal, soepados njamboeta damel mligi kanggé organisasi nèm-néman djaler; déné reng-rènganipoen organisasi taksih badé kawedaraken.

Mesti kémawon ingkang dipoenrembag ingriki namoeng nèm-néman Katoelik.

DJERMAN.

Ékonominipoen mlesek. Kawontenan poenika sampoen sawatawis wekdal. Toedjoenipoen Djerma gadah djoeroe moedi peng-peng-an: Brüning (Priantoen Katoelik). Margi saking panggoehing Brüning Djerma taksih madeg, nanging boten pisan-pisan djedjeg. Jèn Djerma boten énggal dipoentoeleugi, bolsjewisme mesti badé mlebeting Djerma, ingkang pan-tjènipoen kedah kadoewa sasaged-sagedipoen.

Nanging Rijkskanselier Brüning lan Minister mantja - nagari Curtius taksih mobat-mabit, boten kendo!

Tol-unie. Wontenipoen rantjangan Tol-unie kalijan Oostenrijk (ing prakawis prabéja kalijan Oostenrijk manoenngil sapranatan) sampoen dados rembag internasional ramé, malah mèh andadosaken ontran-ontran. Ing woesana ladjeng kaladosaken dateng ing Internationale Gerechtshof ing den Haag soepados moetoesi, kénging lan botenipoen katindakaken. Poetoesanipoen: boten kénging. Djerma lan Oostenrijk soemèlèh, boten mbaléla.

CHILI.

Revolutive kanggé njantoeni regeering. President ing Chili, Carlos Ibanez, sapoenika sampoen lèrèh; déné ingkang anggentosi Pedro Opazo; nanging poenika inggih ladjeng lèrèh lan dipoen-gentosi déning Esteban Montero. Carlos Ibanez njepengipoen kemoedi pradja wiwit 21 Djoeli '27, lan ing dalem kawan taoen poenika tindakipoen kados dictator kentjeng ing karsa. Lèrhipoen kapeksa margi revolutive. Lan doemoegi sapoenika taksik ramé. Sampoen wiwit April Ibanez tansah ngwontenaken prentan pangiridan lan ngindakaken paos-paos. Poenika boten njenengaken dateng rakjak. Kadjawi poenika angsal-angsalaning panèn awon, lan dladjad tani katingal santer moendoeripoen. Toemrap bangsa-bangsa ing rika makaten poenika sampoen tjepak kanggé dados djalaran revolutive, lan dadakan poenapa kémawon ladjeng sampoen saged njoeled oebaling revolutive. Lan sapoenika inggih sampoen kalampahan oegi; Ibanez lèrèh.

Poenapa santoening regeering waoe boten saged kalampahan kedjawi srana revolutive? Toemrap kalijan tangganipoen Argentin, repoblik Chili waoe sampoen netepaken jèn wonten pasbelajan ing saladjengipoen badé kapoetoesan srana ngwontenaken ingkang misah (-para maos bokmanawi taksih émoet, jèn kanggé pépènget tetapan poenika wonten ing poentjak inggil sanget ing paredèn Andes sampoen dipoenedegaken retjanipoen Sang Kristoes, ingkang boten baèn-baèn agengipoen-; nanging kanggé awakipoen pijambak kok taksih migoenakaken roda-pari peksa.

TIONGKOK.

Kasangsaran matoempa-toempa. Perang salebeting pradja (burgeroorlog) dèrèng menda. Lèpèn Jangtze (ing Tiongkok sisih kidoel) bandjir, damel sangsaraning tjang mlijoenan (tjjang 30.000.000 kétéjan grija; apesipoen tjjang 20.000.000 manggih tiwas). Ladjeng lèpèn Hoang-ho (lèpèn Djené, ing Tiongkok sisih lèr) kok inggih noesoel toemoet bandjir lan mlebegaken tjang, ingkang sampoen terang kémawon wonten 1.000.000. Boten sapélé!

Centrum aksi sovjet konangan.

Mitoeroet Anéta saweg mentas poenika kémawon ing Sjanghai satoeng-giling communist Noullens sasémahipoen sami katangkep. Glédahan archief-ipoen nedahaken, jèn Noullens waoe dados baboening sovjet ingkang boten sapélé; aksinipoen gadèng kalijan organisasi-organisasi ing Djepang, Korea, Philippina, Formosa, Indo-China, Malaka, Burma toewin Indonesia; malah kalijan bergerakan kaoem-berah ing Hindia-Inggris oegi sampoen dipoentandangi soepados angsala sambet. Ing dalem kalih woelan kémawon kanggé aksi waoe sampoen nelasaken arta boten kirang saking f960.000.

Kamardikan agami. Ing Tiongkok sapoenika sampoen dipoentetepaken ing angger-angger, oemat Tiongkok kamardikakaken ing atasipoen agami. Nanging angsal-angsalan poenika kadadosanipoen boten gampang. Kerep kémawon golongan Confusius ngoedi soepados agaminipoen kadadosan agami negari; nanging margi saking panjengkahipoen golongan Katoelik, Protestant lss. tansah tanpa damel. Ngantos ing rantjangan grondwet kalampahan dipoenlebetaken: prakawis agami oemat Tiongkok manasoeka. Ing papriksan ingkang badé netepaken grondwet wonten ingkang ngladosaken amendement. Nanging kanggé oemat dèrèng oemoer oetawi koesoewa negari gadah wewenang njoe-da kamardikan waoe. Amendement poenika matosi sanget, awit badé ngalang-alangi baji oetawi laré dipoebaptis oetawi dipoewoelang agami. Bab poenika Liou-Tsuenting, wawakil Katoelik, ingkang makili golongan Katoelik wonten ing Nationale Vergadering idjèn, — mangka tjatjahing warga Nat. Vergadering langkoeng saking 500,— boten kekalapan. Sanalika ladjeng toemandang kanti sengkoet, noewoehaken swanten wonten ing Nat. Vergadering ingkang neda sandènipoen amendement. Warga-warga sapérangan ageng pijambak sami no-tjogi pijambakipoen. Ing woesana amendement kasowak, lan kamardikan agami dipoentetepaken tanpa mawi kaengkret sakedik-kedika.

INDO-CHINA.

Sadèrèk tetiga toenggil sabrajat dados Imam. Brajat San, saking bangsa priboeami, mila kedawahian noegraha ageng; anakipoen tetiga sami tinimbalan dados Imam. Ingkang nèm pijambak anggènipoen djiendoendoeng dados Imam saweg mentas kémawon. Satoenggalipoen, i. p. Rama Luc San, anggènipoen tampi Sakramèn Kaimaman wonten ing Roem, lan anggènipoen sinaoe inggih wonten ngrika oegi sarta angsal titel Dr. in de filosofie, theologie lan kerkerlijk recht.

HINDIA INGGRIS.

Inggih mbetahaken brangoes pers. Kanggé ngendalèni pers ingkang njatèk-njatèk, regeering damel rantjangan brangoes pers.